



## Lojman pou Vann ki Pa Chè

East Brooklyn Congregations ak Monadnock Development kontan anonse y ap aksepte aplikasyon nan moman kounye a pou 83 kay ki fèk bati pou Nehemiah Spring Creek Phase 4A, Brooklyn, NY 11239.

Tranzit: Tren: A/C/3; Otobis: B13/B83/B84/Q8

Pa gen frè aplikasyon • Pa gen frè koutye • Plis enfòmasyon: [www.Nehemiah-Spring-Creek.com](http://www.Nehemiah-Spring-Creek.com)

Y ap konstwi kay sa yo gras a Pwogram Gwo Devlopman Lojman Gateway Estates (Gateway Estates Large Scale Development Program, GELSDP) nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, NYCDHPD).

### Kimoun ki Ta Dwe Aplike?

Moun oswa fanmi ki ranpli kondisyon revni ki endike nan tablo anba a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou ranpli kritè seleksyon anplis. Y ap bay preferans jeneral a rezidan Vil New York.

Yon pousantaj inite rezève pou moun ki gen andikap:

- moun ki gen pwoblèm mobilite (5%)
  - moun ki gen pwoblèm pou wè oswa pou tande (2%)
- Preferans pou yon pousantaj inite apatman yo prale pou:
- Rezidan **Konsèy Kominotè Brooklyn 5** (50%)
  - Anplwaye minisipal (5%)

Achte ki kalifye yo dwe gen 5% nan pri acha a disponib kòm peman davans.

Tanpri sonje pri lavant ki endike yo, revni maksimòm ki antre nan kay la e latrivi, se estimasyon ki ka sibi chanjman.

**CHAK ACHTÈ DWE ABITE NAN KAY LA KÒM REZIDANS PRENSIPAL LI.**

**NENPÒT MOUN KI TA VLE APLIKE KI POSEDE NAN MOMAN KOUNYE A OSWA KI TE DEJA ACHTE YON PWOPRIYETE REZIDANSYÈL PA KALIFYE.**

Estimasyon pri lavant yo ak kondisyon revni yo suiv fason sa:

Kay yo		Kay ki Disponib	Kantite moun nan kay la*	Nivo Revni Total Chak Ane Minimòm – Maksimòm**	Limit Byen*** (\$166,950 + montan peman avans obligatwa a)	Estimasyon Pri
1-Kay pou Fanmi (2 Chanmakouche)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 90% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	2	2 moun	\$ 49,997 - \$ 68,760	\$176,825	\$197,500
			3 moun	\$ 49,997 - \$ 77,310	\$176,825	\$197,500
			4 moun	\$ 49,997 - \$ 85,860	\$176,825	\$197,500
			5 moun	\$ 49,997 - \$ 92,790	\$176,825	\$197,500
1-Kay pou Fanmi (3 Chanmakouche)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 90% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	13	3 moun	\$ 60,352 - \$ 77,310	\$179,325	\$247,500
			4 moun	\$ 60,352 - \$ 85,860	\$179,325	\$247,500
			5 moun	\$ 60,352 - \$ 92,790	\$179,325	\$247,500
			6 moun	\$ 60,352 - \$ 99,630	\$179,325	\$247,500
			7 moun	\$ 60,352 - \$ 106,470	\$179,325	\$247,500
1-Kay pou Fanmi (2 Chanmakouche)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 110% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	3	2 moun	\$ 64,990 - \$ 84,040	\$180,225	\$265,500
			3 moun	\$ 64,990 - \$ 94,490	\$180,225	\$265,500
			4 moun	\$ 64,990 - \$ 104,940	\$180,225	\$265,500
			5 moun	\$ 64,990 - \$ 113,410	\$180,225	\$265,500
1-Kay pou Fanmi (3 Chanmakouche)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 110% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	38	3 moun	\$ 76,225 - \$ 94,490	\$182,725	\$315,500
			4 moun	\$ 76,225 - \$ 104,940	\$182,725	\$315,500
			5 moun	\$ 76,225 - \$ 113,410	\$182,725	\$315,500
			6 moun	\$ 76,225 - \$ 121,770	\$182,725	\$315,500
			7 moun	\$ 76,225 - \$ 130,130	\$182,725	\$315,500
2-Kay pou Fanmi (Inite Prensipal 1 Chanmakouche ak yon Inite pou Pwopriyete kay la Lwe)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 130% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	10	1 moun	\$ 76,293 - \$ 86,840	\$185,450	\$370,000
			2 moun	\$ 76,293 - \$ 99,320	\$185,450	\$370,000
			3 moun	\$ 76,293 - \$ 111,670	\$185,450	\$370,000
2-Kay pou Fanmi (Inite Prensipal 3 Chanmakouche ak yon Inite pou Pwopriyete kay la Lwe)	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 130% REVNI MWAYEN ZON NAN (AMI)	17	3 moun	\$ 85,992 - \$ 111,670	\$187,950	\$420,000
			4 moun	\$ 85,992 - \$ 124,020	\$187,950	\$420,000
			5 moun	\$ 85,992 - \$ 134,030	\$187,950	\$420,000
			6 moun	\$ 85,992 - \$ 143,910	\$187,950	\$420,000
			7 moun	\$ 85,992 - \$ 153,790	\$187,950	\$420,000

\* Sa depann de kritè Okipasyon yo

\*\* Gid revni yo ka sibi chanjman

\*\*\* Pi gwo peman davans ka konsidere pou revni minimum pi ba.

### Kijan Pou Ou Aplike?

TELECHAJE SOU ENTÈNÈT: [www.Nehemiah-Spring-Creek.com/application](http://www.Nehemiah-Spring-Creek.com/application)

Pou mande yon aplikasyon **pa lapòs, voye yon kat postal oswa anvlop ki tou gen adrès de retou: Nehemiah Spring Creek Phase 4A, 551 Vandalia Avenue, 1st Floor, Brooklyn, NY 11239.** Voe yon sèl aplikasyon pou chak devlopman (yon sèl aplikasyon an valab pou tout kay yo ki kalifye nan devlopman an). Pa soumèt de aplikasyon ki menm. Moun ki aplike epi ki soumèt plis pase yon aplikasyon ka pa kalifye.

Yo dwe voye aplikasyon ki fin ranpli yo tounen pa lapòs regilye sèlman (yo pap aksepte kourye priyorite, sètifye, anrejistre, ekspres, dimansyon depase, oswa livrezon) nan yon nimewo bwat postal ki pral make sou aplikasyon an.

### Sesyon enfòmasyon\* pral fèt nan dat sila:

- > Madi 13 fevriye 2018 a 7pm nan Hope Christian Center, 369 New Lots Avenue, Brooklyn, NY 11207
- > Lendi 12 mas 2018 a 7pm nan St. Paul Community Baptist Church, 859 Hendrix Street, Brooklyn, NY 11207

\* Prezans nan seminè yo pa obligatwa pou achte yon kay.

### Kisa Dat Limit la ye?

Dat lapòs ki sou aplikasyon yo dwe oplita **3 AVRIL 2018.**

### Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon dapre yon pwosesis tiraj-osò.

Si yo chwazi aplikasyon pa ou, epi ou sanble kalifye, y ap envite w nan yon randevou pou egzaminen dokiman pou kontinye pwosesis detèminasyon kalifikasyon w. Yo pwograme randevou yo anjeneral soti 2 mwa pou rive 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifiye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun sa yo.

Sa a se yon reklam li ye, se pa yon òf. Se pou chèche enterese moun nan pwopriyete sa yo. Yo pa kapab fè òf pou inite sa yo, ni yo pa kapab aksepte depo, oswa rezèvasyon, obligatwa ou pa-obligatwa, jiskaske yon plan òf depoze nan Depatman Lalwa Eta New York (New York State Department of Law, NYS DL).

Majistra Bill de Blasio • Manm Komisyon HPD Maria Torres-Springer • Gouvènè Andrew Cuomo • Manm Komisyon HCR RuthAnne Visnauskas

